

CREATIVETIME



September 3rd – October 5th, 2025

Si ou tande yon bagay, libere yon bagay. Yon pwojè atistik piblik ak son pa Chloë Bass: Yon Gid pou pasajè nan Tren ak Bis tout laj nan Nouyòk Prezante pa Creative Time and MTA Arts & Design

Apwopo Eksperyans sa

Atis Chloë Bass envite nou reflechi sou fason nou deplase nan espas piblik yo e kòman nou santi nou ladan yo. Yon kote nou souvan tande alèt oswa avèstisman, Si ou tande yon bagay libere yon bagay pwopoze yon bagay diferan, sansibilite, koneksyon, ak prezans emosyonèl. Zèv atistik piblik sa ki baze sou son, pran kontwòl sistèm anons piblik MTA a (PA) ak anons powetik an plizyè lang pèfome pa vokalist pwofesyonèl ak Nouyòkè òdinè. Chak anons kòmanse ak yon son alèt distinktif epi li fini ak yon envitasyon: “Si w tande yon bagay libere yon bagay.” 24 anons sa yo pataje an Anglè, Panyòl, Arab, Bangla, Kreyòl Ayisyen, Mandarin, ASL e yo ankouraje refleksyon, sipriz, e lavi emosyonèl ki pataje sou platfòm yo, bis yo, epi nan kominote nou yo.

Pwojè sa fè pati Sonic Commons, Tèm Creative Time 2025 pou atizay piblik ak pwogram pou eksplòre kijan fragman sonic (ti moso son tankou konvèsasyon, mizik, anons, bri pye, ri oswa silans) enfluyans rapò nou youn ak lòt. Atizay Piblik se atizay ki fèt pou tout moun e nou jwenn li kote ke moun pataje ansanm tankou pak, twotwa, oswa tren. Atizay piblik pote kreyativite nan lavi nou epi ede nou reflechi sou anviwonman nou, pwoblèm nou e moun ki bò kote nou.

Atizay piblik tankou si ou tande yon bagay, libere yon bagay raple nou ke espas nou pataje yo kapab espas imajinasyon, gerizon e koneksyon.

Atravè son, mouvman, ak refleksyon, Bass ankouraje nou wè jantiyès ak sansibilite kòm yon fòm pouvwa nou tout ka pataje. Ou ka fè eksperyans zèv atistik sa a atravè entèpretasyon odyo oswa entèpretasyon lang siy. Ou ka patisipe lè w koute, santi, imajine, oswa reponn nan nenpòt fason ki pi bon pou ou.

Experience If you hearsomething, free something in the mezzanines of the following subway stations:

Manhattan

- Fulton St (4,5)
- 14 St-Union Sq (4,5,6)
- 42 St-Bryant Pk/5 Av (7)
- Grand Central-42 St (S)
- 163 St-Amsterdam Av (A,C)

Queens

- Court Sq (7,G)
- 74 St-Broadway (7)
- Mets-Willets Point (7)

Brooklyn


- Clinton-Washington Avs (G)
- Fort Hamilton Pkwy (F,G)
- York St (F)
- Atlantic Av-Barclays Ctr (2,3,4,5)

Bronx

- 167 St (B,D)
- Westchester Sq-E Tremont Av (6)



Pou aprann plis sou pwogramasyon atizay piblik Creative Time, vizite creativetime.org Pou aprann plis sou atis la vizite: chloebass.com



Fason pou Angaje:

Nan gid sa gen envitasyon pou reflechi epi konekte, kit se atravè mouvman, ekriti, jès, silans oswa konvèsasyon pataje.

Pandan ou sou Platfòm nan:

Pran yon moman pou obsève.

- Ki son ou santi – prè oswa nan lwen?
- Ki jan moun yo deplase oubyen aji lè mesaj piblik yo ap jwe? Gade mòd, pòz, enèji, ekspresyon vizaj, oswa jès.
- Ki emosyon ou panse ki vinn nan tèt ou pandan w'ap obsève?

Branche epi rantre nan ou menm



Konekte ak mo e son ki soti nan si w tande yon bagay, libere yon bagay (2025) ak sa ki bò kote w.

- Ki santiman ouwa souvni chak mesaj pote?
- Reponn ak yon jès ouwa yon mouvman men sou kè, respire a fon, tape ak dwèt ou; yon sèl mo refleksyon ke w chichote ouwa fè siy.
- Trase yon senbòl nan pla men w ki reprezante kijan w santi w.
- Remake nenpòt vibrasyon nan pye w, chèz ou, ouwa balistrad ou kenbe a epi reflechi atravè respirasyon, tapote ouwa fè siy.


PANDAN-TRANSPÒ: Mesaj pandan vwayaj

Konsantre sou kominote k'ap deplase bò kote w la.

- Imajine ou ta ka voye yon mesaj an silans bay lòt pasajè yo.



- Kisa li ta di? (pa egzanp. “Nap deplase ansanm” “Pòz” “Ou pa pou kont ou.”)
- Ekri li, desine li, kenbe li nan panse w, ouwa ekspri li san w pa pale.
- Si w avèk yon moun ou fè konfyans, fè siy ouwa pataje li byen fò. Pataje mesaj ou a epi koute pa yo.



Santi Eko a

Ant moman yo (Platfòm ouwa Pòz Transpò), reflechi sou kijan ti aksyon yo fè efè.

- Panse ak yon moman swen ou te temwen ouwa ou te resevwa pandan vwayaj ou a.
- (pa egzanp, ou remake yon moun ki ofri plas li bay yon lòt pasajè, paske li te bezwen li ouwa yon moun te deplase pou fè plis plas pou ou san ou pa mande l)
- Kisa ki te pase ? Kijan sa te afekte ou?
- Kisa ki chanje nan ou? Kisa ou ta ka bay jodi a an retou?
- Fè desen ouwa dekri sa “swen an mouvman” ta ka vle di ak sa li ta ka sanble pou ou.
- Pratike yon jès swen sibtil – Kontak zye, souri, ofri espas

Pi lwen pase woulib la: Potel nan kominote a

Lakay ou, lekòl ou, ouwa travay

- Kreye yon jounal “Son Swen”. An-rejistre yon son ak yon santiman ki gen sans chak jou (mete tèks, imaj ak/oswa eleman kolaj)

- Oganize yon sèk “Mesaj Piblik.” Pataje yon fraz ou ta swete lòt moun te ka tande nan espas piblik.

Nan Kominote

- Kreye yon powèm, yon kolaj son oubyen yon ekspozisyon nan vitrin ak yon mesaj ki enspire pa si ou tande yon bagay, libere yon bagay..
- Oganize yon mach jès atansyon: ti mouvman entansyonèl nan espas piblik yo.

Reflechi

- Kijan anons piblik, son ak silans enfliyanse fason nou aji?
- Ki sa libète emosyonèl nan espas piblik vle di pou ou?
- Ki kalite son ki rete avèk ou lontan apre ou fin fè eksperyans yo?
- Ki sa sa ta ka vle di pou “libere yon bagay” lè ou tande ouwa santi yon bagay ki gen sans pou ou?



Dènye Refleksyon Atis la:

“Map mande nou pou nou retabli lavi emosyonèl piblik la.” – Chloë Bass

Imajine ak kisa yon espas piblik pou koneksyon, pa sèlman prekosyon, ta ka sanble?



Gid liy Kredi: Angela Garcia, Konsiltan Edikasyon an kolaborasyon ak Creative Time ak atis Chloë Bass.